

SS.7.C.2.10

Egzamine enpak medya a, moun yo, ak gwoup enterè yo nan siveyans ak enfliyans gouvènman an.

SS.7.C.2.10 Klarifikasyon sou Nosyon Fondamantal 1: Elèv yo ap idantifye metòd gwoup enterè yo itilize pou kontwole ak/oswa enfliyanse gouvènman an.

Gwoup enterè yo itilize dwa **Premye Amandman yo** pou reyini san bri ni dezod, libète lapawòl, ak petisyon pou kontwole ak enfliyanse gouvènman an. Gwoup enterè yo se gwoup ki fòme paske yo gen yon objektif komen. Yo eseye enfliyanse moun nan travay ansanm pou objektif yo.

Komite Aksyon Politik, ki souvan konekte a gwoup enterè yo, ka ranmase lajan e kontribye nan kanpay yo pou kandida ke yo sipòte yo.

Gwoup enterè ka travay avèk manm **Kongrè** yo oswa avèk lòt lejislatè ki eli pou yo ka fè lwa pase. Sa a anjeneral refere kòm **enfliyans politik (lòbiyis)**.

Yon gwoup enterè kapab tou edike manm li yo sou pwoblèm li vle pou manm gwoup yo sipòte. Egzanp, gwoup enterè yo mande pou manm yo vote epi bay lajan a kandida yo ke gwoup enterè yo sipòte.

enfliyans politik (lòbiyis) - patisipe nan aktivite pou ka enfliyanse gouvènman ofisyèl la

gwoup enterè - yon gwoup moun ki gen enkyetid ak yon pwoblèm patikilye epi ki eseye enfliyanse lejislatè yo pou aji an favè yo; yo konnen yo tou kòm yon gwoup enterè espesyal

komite aksyon politik - yon òganizasyon politik ki endepandan ki favorize kòz la nan yon gwoup enterè patikilye, anjeneral, nan ranmase lajan ak fè kanpay pou eli kandida yo ki sipòte opinyon gwoup yo a

Kongrè a – kò nasyonal lejislatif nan peyi Etazini, ki fòme ak Sena a, oswa chanm wo, ak Chanm Reprezantan an, oswa chanm ba

Premye Amandman - yon amannman nan Konstitisyon Etazini an ki entèdi Kongrè a etabli yon relijyon, ak pou entèfere ak libète egzèsis relijye, laprès, lapawòl, asanble, oswa petisyon